

Politik Èd Finansye - Rezime nan yon Langaj ki Klè

Politik/Pwogram Èd Finansye (Financial Assistance Policy/Program, FAP) nan Sant Medikal Rejyonal AtlantiCare (AtlantiCare Regional Medical Center, ARMC) gen pou objektif pèmèt pasyan ki elijib yo benefisye, nan yon fason pasyèl oswa entegral, sèvis swen ijans oswa lòt sèvis sante ki nesèsè nan yon kad medikal ARMC bay ak yon antite ki gen lyen sibstansyèl (nan sans IRS la defini l la). ARMC ak tout antite ki gen lyen sibstansyèl avèk li yo deziyen anba a sou non ARMC. Pasyan ki swete benefisye yon Èd Finansye dwe prezante yon demann nan kad pwogram nan, ki gen ladan l pwen enpòtan li yo ki prezante anba a.

Sèvis ki Elijib yo -Sèvis swen ijans oswa lòt sèvis swen sante ki medikalman nesèsè ARMC ofri epi AMRC faktire. FAP la aplike sèlman sou sèvis ARMC a faktire yo. Lòt sèvis se lòt pwofesyonèl swen sante, tankou doktè oswa labowatwa, ki faktire yo yon fason separe, pa elijib nan kad FAP la.

Pasyan ki Elijib yo - Pasyan ki benefisye sèvis ki elijib yo, ki soumèt yon dosye konplè Demann Èd Finansye (ki gen ladan pyès jistifikatif enfòmasyon yo mande yo), epi ki gen elijibilite l pou Èd Finansye a ARMC konfime.

Kijan pou w Aplike – Ou ka jwenn/ranpli/ epi soumèt fòmilè FAP la ak fòmilè demann ki koresponn nan fason sa yo:

- Nan nenpòt ki biwo akèy ki nan etablisman lopital la oswa nan youn nan kote sa yo, san randevou:
 - **ARMC, City Campus 1925 Atlantic Ave, Atlantic City, NJ, 08401. Lendi rive vandredi, 7:30am pou 4:00pm. Samdi ak dimanch 8:00am pou 12:00pm** Ale nan 1ye Etaj la – anfas kafe a epi swiv pano ki endike Sèvis Èd Finansye yo.
 - **ARMC Mainland Campus, 65 W. Jimmie Leeds Rd., Pomona, NJ, 08240. Lendi rive vandredi, 8:00am pou 4:00pm Samdi ak dimanch 8:00am pou 12:00pm.** Ale nan Biwo Akèy Lopital la epi mande pou Sèvis Èd Finansye.
 - **ARMC Health Park nan Hammonton, 219 N. White Horse Pike, Hammonton, NJ, 08037. Lendi rive vandredi, 8am pou 4pm.** Ale nan Biwo Akèy Ijans yo epi mande pou w pale ak Sèvis Èd Finansye a.
- Mande pou yo voye dokiman yo pa lapòs lè w rele Sèvis Kliyantèl Biwo Afè ARMC a nan 609-272-2500.
- Mande dokiman pa lapòs: ARMC, Attn Financial Counselors, 1925 Pacific Avenue Atlantic City, NJ 08401.
- Mande dokiman yo pa imèl: konseye finansye FinancialCounselors@groups.atlanticare.org
- Lyen pou telechajman mobil la: konseye finansye FinancialCounselors@groups.atlanticare.org
- Voye demann ki ranpli yo (ansanm ak tout dokiman ak enfòmasyon espesifik yo nan enstriksyon demann lan) nan: ARMC, Attn Financial Counselors, 1925 Pacific Avenue Atlantic City, NJ 08401 oswa remèt yo an pèsòn nan kote ki ekri an gra pi wo a.

Detèminasyon Eligibilite pou Èd Finansyèl- an jeneral, moun ki elijib yo ka benefisye yon èd finansyèl lè revni famiyal la enferyè oswa egal ak 400% Limit Povrete Federal Gouvènman Federal la (FPG). Elijibilite Èd Finansye a vle di moun ki elijib yo ap gen swen yo ki kouvri totalman oswa pasyèlman pou sèvis ki elijib, epi yo p ap faktire depase kantite lajan ki jeneralman faktire yo (Amounts Generally Billed, AGB) pou moun ki asire yo (AGB, jan sa defini nan seksyon 501 (r) IRC a ak Internal Revenue Service). Nivo èd finansyèl a, baze sèlman sou Revni Famiyal ak Limit Povrete Federal la:

- Revni famiyal soti nan 0 rive nan 300% FPG, kondisyon relatif nan aktif nou dwe respekte. Asistans Finansyèl Konplè; \$0 kòm fakti pou pasyan yo.
- Revni Famiyal soti nan 300 rive nan 400% nan FPG yo. Asistans Finansyèl Pasyèl; kantite lajan maksimòm ki faktirab pou pasyan ki koresponn ak AGB a.
- Yon pasyan ki pa asire ap gen pou peye fakti kantite lajan ki pi ba a ant AGB oswa 115% tarif Medicare pou tout sèvis yo resevwa yo.

Remak: Yo pran an kont lòt kritè anplis FPG a (pa egzanp, disponibilite likidite oswa lòt aktif ki ka konvèti an lajan, ak revni masyèl an plis pa rapò ak depans masyèl fwaye a), sa ki ka lakoz eksepsyon nan règ avan yo. Si yo pa deklare okenn revni famiyal, y ap egzije enfòmasyon yo sou fason bezwen kotidyen yo satisfè. Depatman konsèy finansye ak sèvis kliyantèl ARMC a egzamine demann konplè ki soumèt yo epi detèmine Elijibilite pou Èd Finansye a dapre politik èd finansye ARMC a. Yo pa egzamine demann enkonplè yo, men kandida yo toujou rete enfòm epi gen posiblite pou yo bay dokiman /enfòmasyon ki manke yo.

ARMC tradwi politik èd finansyèl (FAP) a tou, fòmilè demann FAP a ak rezime nan langaj klè FAP l la, nan lòt lang lè lang prensipal moun k ap viv nan kominote ARMC ap desèvi a reprezante 5% oswa 1000 moun, selon sa ki pi piti nan yo de a, popilasyon ARMC a ka konsène oswa rankontre. Vèsyon ki tradwi yo disponib sou demann, an pèsòn nan adrès ki anba a, ak sou sitwèb ARMC a.

Pou nenpòt èd, asistans oswa kesyon, tanpri ale sou oswa rele: Sèvis Kliyantèl Biwo Afè ARMC a nan 609-272-2500 oswa vizite youn nan kote ki masyone an gra pi wo a.